# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў таярлаў жумысларын еледе жеделлестириў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 28-декабрьдеги «2021-2023 жылларда Өзбекстан Республикасын социаллық ҳәм ислеп шығарыў инфраструктурасын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4936-санлы қарары тийкарында 2021-жылы билимлендириў мәкемелеринде бағдарлама тийкарында қурылыс-оңлаў жумыслары алып барылмақта. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2021-жыл 14-апрельдеги «Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўына таярлық көриў бойынша Тийкарғы илажлар бағдарламасын тастыйықлаў ҳаққында» ғы 1064-санлы қарары ҳәм қосымшасы менен бағдарлама қабыл етилген. Көрсетип өтилген бағдарламаның бәнтлеринде улыўма орта билим бериў мәкемелеринде шөлкемлестирилетуғын Президент сайлаўы участкаларында алып барылатуғын таярлық жумыслары, тийисли илажлар көриў бойынша тапсырмалар айма-ай көрсетип берилген.

Жоқарыдағыларды есапқа алған ҳалда улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын еледе жеделлестириў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 28-декабрьдеги ПҚ-4936-санлы қарары, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2021-жыл 14-апрельдеги 1064-санлы қарары ҳәм қосымшасы менен тастыйықланған бағдарламадағы тийисли ўазыйпалар басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын муўапықластырып барыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң штаб қурамы 1-қосымшаға, орынларда алып барылып атырған жумысларды үйренип шығыў, анықланған ҳалатларды улыўмаластырыў бойынша исши топар қурамы 2-қосымшаға, улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, жүзеге келген машқалаларды топлаў, улыўмаластырыў ҳәм ҳәр күнлик мағлыўмат таярлап министрлик басшыларына киритиў бойынша нәўбетшилер топары қурамы 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. **Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң штаб қурамына:**

Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумыслары ҳаққында мағлыўматты мүддетлеринде алыў;

орынлардан алған мағлыўматларды талқылаў ҳәм улыўмаластырып министрлик басшыларына киритиў;

орынларда анықланған кемшиликлерди сапластырыў бойынша тийисли илажлар көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

4. **Район(қала) лық халық билимлендириў мәкемелеринде алып барылып атырған жумысларды үйренип шығыў, анықланған ҳалатларды улыўмаластырыў бойынша исши топар қурамына:**

Исши топар басшыларының басшылығында орынлардағы улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларының таярлық жағдайларын ҳәр бир мектеп кесиминде үйренип шығыў;

үйрениў барысында анықланған кемшиликлер бойынша министрлик басшыларына улыўмаластырылған мағлыўматлар таярлап киритиў;

анықланған кемшиликлерди сапластырыў бойынша орынларда тийисли район(қала) халық билимлендириў бөлими баслықлары менен бирге ис-илажлар бағдарламасын ислеп шығып тастыйықлаў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў;

сайлаў өтетуғын орынларда таярлық жумысларын толық жуўмақлаў илажларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. **Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, жүзеге келген машқалаларды топлаў, улыўмаластырыў ҳәм ҳәр күнлик мағлыўмат таярлап министрлик басшыларына киритиў бойынша нәўбетшилер топары қурымына:**

ҳәр нәўбетши белгиленген график тийкарында белгиленген сәне ҳәм ўақытта нәўбетшилик орнында болыўы;

нәўбетшилик ўақтында барлық район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлери менен телефон арқалы байланыс орнатып, Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумыслары бойынша күнлик мағлыўмат алыў, улыўмаластырыў ҳәм оны министрлик басшыларына киритиў;

нәўбетшилик барысында белгиленген мүддетлерде сапалы мағлыўмат бермеген, нәўбетшилик мәселесине немқурайдылық пенен қараған жағдайлар ушырасқанда, тийисли район(қала) халық билимлендириў бөлимлери бойынша белгиленген тәртипте министрлик басшыларына мәлимлеме киритиў ўазыйпалары тапсырылсын.

6. **Кадрлар бөлими** (С.Жуманиязов) министрликтиң улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, район(қала) халық билимлендириў бөлимлери тәрепинен сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелерин таярлаў, жүзеге келген машқалаларды топлаў, улыўмаластырыў ҳәм ҳәр күнлик мағлыўмат таярлап министрлик басшыларына киритиў бойынша нәўбетшилер топары ағзаларынан бири егер себепли жағдайларға байланыслы озиниң нәўбетшилигине келе алмайтуғын жағдайлары болса, оның орнына кейинги күнде турған хызметкерди қойыў илажларын көрсин.

7. **Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:**

Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын еледе жеделлестириў мақсетинде усы буйрық тийкарында өзлериниң буйрықларын қабыл етиў;

белгиленген тәртипте турақлы ислейтуғын штаб қурамын дүзиў, олардың ағзалары тәрепинен сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелериниң таярлық жағдайларын график тийкарында үйренип барыў;

район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлеринде штаб жумысларының үзликсизлигин тәмийинлеў мақсетинде нәўбетшилер топарын дүзиў;

Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларының сапалы ислеўин қадағалап барыўда, билимлендириў мәкемесинде абаданластырыў ҳәм тазалық, жаңа оқыў жылына таярлық жумысларын шөлкемлестириўде мектеп директорларының жуўапкершилигин асырыў;

Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумыслары барысы бойынша күнлик мағлыўмат ҳәм жүзеге келип атырған машқалалар бойынша улыўмаластырылған мағлыўматларды ҳәр күни еки мәрте *(түске шекем саат 12-00; түсликтен кейин 18:00 ҳалатына)* министрликтиң штаб нәўбетшисине турақлы берип барыў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Министрликтиң Президент сайлаўына таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша штабы менен байланыс номери етип 61 2229520 номери белгиленсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 19-июль
170 - санлы

ҚР ХБМ нин 2021-жыл 19-июльдағы 170-санлы буйрығына 1-қосымша

**Улыўма орта билим бериў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў, сондай-ақ сайлаў участкалары жайласқан билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын муўапықластырып барыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң штаб қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | - | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары-исши топар баслығы |
| 2. | Қ.Бекбаулиев | - | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 1-орынбасары ў.ў.а.-исши топар баслығы орынбасары |
| 3. | М.Даулбаев | - | Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими бас қәнигеси-исши топар хаткери |
| 4. | И.Балтабаев | - | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары ў.ў.а., Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм инвентарлар менен тәмийинлеў, имаратлардан пайдаланыўды муўапықластырыў бөлими баслығы-ағза |
| 5. | Қ.Жубанов | - | Билимлендириў орайы директоры-ағза |
| 6. | Б.Байниязов | - | Өзбекстан «Ёшлик» ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары-ағза |
| 7. | С.Жуманиязов | - | Кадрлар бөлими баслыгы-ағза |
| 8. | М.Есбосынов | - | Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәәтлары менен ислеў бөлими баслығы-ағза |
| 9. | Х.Бегдуллаев | - | Билим сыпаты мониторинги бөлими баслығы-ағза |
| 10. | М.Асеметдинов | - | Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын мўуапықластырыў бөлими баслығы-ағза |
| 11. | Р.Таңирбергенов | - | Руўхый-ағартыўшылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими баслығы |
| 12. | С.Хабипов | - | Саламат аўқатландырыў ҳәм медициналық хызмет көрсетиўди муўапықластырыў бөлими |
| 13. | Г.Бекмуратова | - | Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими баслығы |

ҚР ХБМ нин 2021-жыл 19-июльдағы
170-санлы буйрығына 2-қосымша

**Район(қала) лық халық билимлендириў мәкемелеринде алып барылып атырған жумысларды үйренип шығыў, анықланған ҳалатларды улыўмаластырыў бойынша исши топар қурамы**

| № | Жуўапкер басшылар | Район(қала) | Жуўапкер кураторлар |
|---|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаулиев-министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. | Нөкис қала | М.Асеметдинов |
| | | Тақыятас районы | М.Даулбаев |
| | | Нөкис районы | Қ.Бекимбетов |
| | | Хожели районы | С.Юсупов |
| 2 | Ш.Таджимуратов-министр орынбасары | Мойнак районы | Ө.Хабибуллаев |
| | | Қоныrат районы | Ж.Раметуллаев |
| | | Шоманай районы | Р.Танирбергенов |
| | | Қанлыкөл районы | Р.Ержанов |
| 3 | Қ.Жубанов- Билимлендириў орайы директоры | Төрткул районы | Х.Бегдуллаев |
| | | Елликала районы | Р.Узақбергенов |
| | | Беруний районы | Е.Нуртаев |
| | | Әмиўдәрья районы | А.Даулетбаев |
| 4 | Б.Байниязов- Өзбекстан «Ёшлик» ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары | Тахтакөпир районы | Қ.Жубанов |
| | | Қараөзек районы | Қ.Балтабаев |
| | | Шымбай районы | Б.Байниязов |
| | | Кегейли районы | С.Хабипов |
| | | Бозатаў районы | Б.Хабибуллаев |